

12 jiyè

Poukisa n ap chache moun vivan an nan mitan mò yo ? Li (Jezi) pa isit. Li leve sòti vivan nan lanmò.

Lik 24. 5, 6

Chache li... se Senyè a ki te fè zetwal yo, ... Li fè lannwit tounen lajounen. Amòs 5. 8

Mari moun Magdala a

Jan 20. 11-18

Mari te rete la devan kavo a ap kriye, kote li te wè yo mete kò mèt li a.

Depi Jezi te fin delivre Mari anba pisans move lespri yo, li t ap suiv Jezi. Mari avèk kèk lòt medam te ede Jezi ak byen yo posede. Kè Mari t ap dechire lè l te wè yo kloure Kris sou kwa a. 2 nèg te desann kò Jezi sou kwa enfam lan pou mete l nan yon kavo. Apresa, Mari te leve byen bonè nan maten vin wè kò mèt li a. Li pa nan kavo a ankò. Wòch ki te fèmen bouch kavo a, te woule, e anndan kavo a te vid. Mari te sezi, li te pè, li t ap kriye. Yon mesye te la, li te kwè se mèt jaden an. Mari di l : “mèt si se ou menm ki wete kò a, tanpri di m ki bò ou mete l. M a va l pran li”. (Jan 20. 15).

Repons kesyon an te kout, li te adrese ak kè mèt la, e yo bay repons tousuit : Jezi di li : “Mari !” Se te Kris ki te kanpe la byen vivan nan lanmò. Li di Mari ankò : “Ale jwenn frè m yo, di yo m ap moute bò kote papa m ki papa nou tou, m ap moute bò kote Bondye ki Bondye yo tou” (Jan 20. 17).

Ki pi bèl pawòl pase sa yo ! Papa Jezi Kris te vin Papa tout disip yo tou. Mèt la t apral moute nan syèl kite disip yo, men yo gen Papa nan syèl la, yon Mèt ak yon Papa. Mari pa te chache plis enfòmasyon, li te kouri al di disip yo Mèt la leve soti vivan nan lanmò.

Bòn Nouvèl sa a, li pou nou tou, Kretyen. Nou gen nan syèl la yon Papa e nou deja kòmanse relasyon nou nan bèl fanmi moun sove yo.

12 juillet

Pourquoi cherchez-vous parmi les morts celui qui est vivant ? Il (Jésus) n'est pas ici, mais il est ressuscité.

Luc 24. 5, 6

Cherchez-le, lui... qui change en matin l'ombre de la mort. Amos 5. 8

Marie de Magdala

Jean 20. 11-18

Elle était là, en larmes, près du tombeau où elle avait vu déposer le corps inanimé de son Sauveur et Maître.

Jésus l'avait délivrée de la puissance de Satan et, depuis, elle le suivait. Avec quelques autres femmes, elle l'assistait de ses biens. Le cœur déchiré, elle l'avait vu cloué sur la croix. Deux hommes avaient descendu son corps de cette croix d'infamie et l'avaient mis dans un tombeau. Le sabbat passé, elle revient de très grand matin voir le corps de son Maître. Il n'est plus là. La pierre qui fermait l'entrée du tombeau a été roulée et le tombeau est vide. L'angoisse la saisit. Elle pleure. Un homme est là, sans doute le jardinier. Elle lui dit : "Seigneur, si c'est toi qui l'as emporté, dis-moi où tu l'as mis, et moi je l'enlèverai" (Jean 20. 15).

La réponse est brève, elle s'adresse au cœur et elle est entendue : "Marie !". Jésus – car c'est bien lui, vivant, ressuscité – ajoute : "Va vers mes frères et dis-leur : Je monte vers mon Père et votre Père, vers mon Dieu et votre Dieu" (Jean 20. 17).

Quelle parole que celle-là ! Le Père de son Seigneur était donc devenu le Père de tous les disciples. Le Seigneur allait les quitter, mais ils avaient un Père dans le ciel, un Seigneur et un Père. Elle n'a pas besoin d'en savoir davantage et elle court annoncer à ceux qui avaient suivi Jésus la merveilleuse nouvelle.

Cette nouvelle est aussi pour nous, chrétiens. Nous avons au ciel un Père et nous sommes déjà introduits dans l'intimité de la glorieuse famille des rachetés.